

ÈSKE W DEJA GEN YON KOU PON FON BÈT NAN MASSACHUSETTS?

Ou deja gen yon kupon e w bezwen pran yon randevou pou operasyon? Vizite paj Founisè Chatre/Sterilize nou an pou jwenn yon veterinè k ap aksepte fè sa.

<https://www.mass.gov/info-details/find-a-veterinary-provider>

Yo bay tout sèvis yo sèlman sou randevou. Asire w 1^{ye} pati-Enfòmasyon mèt/bèt ki viv bò kote moun, ki nan kupon an ranpli nèt, e li la nan moman operasyon an.

Si w gen kèlkeswa kesyon oswa w bezwen èd pou pran randevou a, tanpri kontakte Lyezon Kominote nou an, Kyle Baron, nan 617-626-1790



Fon bèt nan Massachusetts
Depatman Resous Agrikòl
100 Cambridge Street, 9th floor
Boston, MA 02114

Sheri.Gustafson@mass.gov
617-626-1740

Kyle.Baron@mass.gov
617-626-1790

Suiv nou

www.mass.gov/animalfund
www.facebook.com/massanimalfund
www.twitter.com/line33f



MASSACHUSETTS
ANIMAL FUND

PWOGRAM ÈD
CHATRE /
STERILIZE



#line33f

Envesti nan bonjan swen
pou bèt.

www.mass.gov/animalfund

Ki sa fon pou bèt nan Massachusetts ye?

An 2012, gen yon lwa ki te antre an vigè kote, an pati, ki te kreye Fon prevansyon ak swen pou bèt ki sanzabri (Fon pou bèt nan Massachusetts). Se Divizyon sante bèt ki jere Fon an grasa èd yon komite konsiltatif, e li chèche fini ak pwoblèm bèt ki sanzabri nan Massachusetts bay. Kesyon bèt ki sanzabri a se yon pwoblèm ki lakòz yo touye bèt yo, se yon pwoblèm sekirite piblik e sa lakòz moun k ap peye taks yo peye pou sèvis pou bèt ki pèdi, yo abandone, k ap viv nan lari ak pitit yo. Yon solisyon pou pwoblèm sa a se investi nan chatre/sterilize bèt yo. Yon lòt solisyon se bay ajan kontwòl bèt yo (ACO) bonjan fòmasyon ki obligatwa ki pèmèt yon aplike lwa sou kontwòl bèt yo menm jan an.

Depi 2014, Pwogram kupon pou Fon pou chatre/sterilize ak Fon ijans te ede plis pase 19 000 chyen ak chat nan Eta a paske sa te pèmèt yo fè operasyon gratis pou chatre/sterilize ak vaksine bèt ki pi frajil yo— anpil ap viv nan komin ou an. ACO pou chyen ak chat ki sanzabri yo mande kupon pou pran swen bèt sa yo, pou chyen ak chat ki pou moun ki pa rantre twòp kòb, ak pou chat ki viv nan lari, e yo ka sèvi ak kupon sa yo lakay nenpòt veterinè k ap patisipe nan Fon an. Jiska prezan, Fon an depanse plis pase \$2,500,000 dola pou ede bèt ki nan Massachusetts!



Deklare enpo

Ede bèt yo.

Fon pou bèt nan Massachusetts ka bay sèvis chatre/sterilize pou bèt ki bezwen sa grasa kontribisyon moun tankou w bay pou ede.

Investi nan bonjan swen pou bèt.

Fè don jodi a: Ranpli **line 33f** deklarasyon enpo sou revni w oswa vizite

www.mass.gov/animalfund



www.mass.gov/animalfund

Pwogram kupon Fon pou bèt nan Massachusetts

POU MOUN KI ABITE MASSACHUSETTS

Èske w gen yon chat oswa yon chyen ki pa chatre oswa sterilize? Èske pri pou yo ta fè sa pou yo twò chè pou ou menm oswa fanmi w? Fon pou bèt nan Massachusetts la bay abitan ki pa gen gwo mwayen yo kupon gratis pou chatre/sterilize chat ak chyen yo. Si w kalifye pou resevwa èd gouvènman an tankou: (TAFDC, SSI, VS, SNAP, WIC, elatriye), ebyen ou kalifye.

Moun ki abite Massachusetts ki kalifye yo dwe kontakte ajan lokal kontwòl bèt pou yo fè demann nan. Enfòmasyon pou kontakte ajan komin nan pou kontwole bèt disponib nan www.mass.gov/service-details/spayneuter-voucher-program YO PAP KA AKSEPTE POU YO FÈ DEMANN DIRÈKTEMAN NAN FON POU BÈT NAN MASSACHUSETTS.

POU MOUN KI PRAN SWEN CHAT KI NAN LARI

Èske w ap pran swen yon gwoup chat ki nan lari? Fon pou bèt nan Massachusetts ka gen fon pou ede chatre/sterilize chat sa yo. Chat ki kalifye yo se chat ki sanzabri, ki pa gen mè, ki nan lari, ki pa janti e ki pa sanble an bon sante. Pou yo kapab kalifye, yo dwe retounen yo kote yo te ye anvan an, epi mete yon zanno 3/8" nan zòrèy yo.

Moun k ap pran swen yo k ap cheche èd dwe kontakte ajan lokal kontwòl bèt la. YO PAP AKSEPTE DEMANN YO FÈ DIRÈKTEMAN. Kupon yo dwe nan men yo anvan yo pran chat yo epi mennen yo pou operasyon.

www.mass.gov/animalfund